

UNSUR GAIB SAJRONE CERBUNG NOTHOK LA WANG PING PATBELAS
ANGGITANE ESMIET (TINTINGAN ANTROPOLOGI SASTRA)

Rr. PUSPITANINGDYAH PRABANTARI

PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA
rara_znd@yahoo.com

Kata Kunci: isi, format, artikel.

Abstrak

Pangripta anggone ngripta sawijine karya sastra tansah nggunakake pamikire utawa idhene kang ora adoh saka kasunyatan kang ana ing masyarakat. Salah sawijine karya sastra kang kaya mangkono yaiku cerbung NLPP kang diripta dening Esmiet. Cerbung NLPP iki nyritakake ngenani unsur gaib kang ana ing kabudayane masyarakat sajrone cerbung. Kadadeyan-kadadeyan kang ana gayutane karo bab-bab kang ora tinampa nalar dicritakake kanthi cetha. Sajrone cerbung iki ngandhut perangan kang manjila yaiku unsur gaib kang diprecaya dening masyarakat Kandhat lan Jong Biru. Kapitayan ngenani unsur gaib ing cerbung NLPP iku narik kawigaten kanggo ditintingi kanthi tintingan antropologi sastra. Prakara kang dadi underane panliten ing kene ana loro, yaiku: (1) wujude ilmu gaib kang ana ing cerbung NLPP lan (2) wujude badan alus kang ana ing cerbung NLPP. Panliten iki nduweni tujuwan kanggo medharake wujude ilmu gaib lan wujude badan alus kang ana ing cerbung NLPP anggitane Esmiet. Bab iki kaleksanan kanthi pangajab bisa nuwuhaake kawruh anyar marang pamaos ngenani unsur gaib. Panliten iki nggunakake pamawase Ratna (2011). Underane panliten ing panliten iki dihudhah nganggo teorine Koentjaraningrat. Panliten ngenani unsur gaib iki nggunakake ancangan *deskriptif kualitaif*. Dhata kang digunakake ing panliten iki ana rong werna, yaiku: (1) awujud dhata teks cerbung NLPP, lan (2) dhata konsep budaya Jawa mligine ngenani unsur gaib. Teknik pangumpulan dhata ing panliten iki nggunakake teknik maca, nyathet, lan riset kapustakan. Lakune panliten ditindakake kanthi runtut wiwit ngumpulake dhata, ngolah dhata, nganti nulis asile panliten. Asile panliten nuduhake yen cerbung NLPP anggitane Esmiet iki ngandhut unsur gaib. Unsur gaib kang tinemu ing cerbung iki ana rong bab yaiku ngenani (1) ilmu gaib lan (2) badan alus. Ilmu gaib kang ana ing cerbung NLPP iki ana papat, yaiku: (1) kasektene dhukun, (2) pelet, (3) bisa sesambungan karo alam gaib, lan (4) bisa nyiptakake impen. Dene badan alus kang kacarita ing cerbung NLPP yaiku: (1) dhanyang, (2) memedi, (3) roh leluhur, lan (4) siluman. Saka panliten iki bisa nuduhake yen karya sastra minangka kaca benggalane panguripan ing saben dinane. Unsur gaib kang ana ing cerbung NLPP iki minangka tuladha cilik saka unsur religi kang mangun sawijine kabudayan sajrone masyarakat desa kang isih mrecayani anane unsur gaib kang ana ing sakiwa tengene manungsa. Unsur gaib ing cerbung NLPP iki uga nduweni peran kang wigati sajrone crita. Crita kang ngandhut unsur gaib bisa ndadekake cerbung NLPP tansaya urip.

Tembung Wigati: Gaib, antropologi sastra

Universitas Negeri Surabaya

PURWAKA

Sastrra mujudake salah sawijine asil reriptane manungsa kang ana gegayutane karo panguripane manungsa saben dinane. Sastra minangka ekspresi pikiran lan pangrasane manungsa kang awujud tulisan utawa lisan. Pangripta anggone ngripta sawijine karya sastra tansah nggunakake pamikire utawa idhene kang ora adoh saka gejala kang ana ing masyarakat. Proses kreatipe pangripta bisa ngasilake sawijine karya sastra, lan kanthi nggatекake kadadeyan-kadadeyan kang ana ing

sakupenge mligine kang gegayutan karo sosial budaya, seni, lan pamawas uripe manungsa bisa dadi daya imajinasine pangripta. Laras karo bab kasebut, kerep ana karya sastra kang medharake tema-tema ngenani kahanan sosial budaya masyarakat.

Periodesasi kasusastran Jawa bisa diperang dadi papat yaiku sastra Jawa Kuna, sastra Jawa pertengahan, sastra Jawa baru, lan sastra Jawa modern. Panliten iki kalebu panliten sastra Jawa modern. Genre sastra Jawa modern iku akeh banget perangane, salah sawijine yaiku cerbung. Cerbung minangka carita utawa karangan kang

kapacak ing kalawarti utawa media liyane kang akeh nggambarkerake panguripan sosiale masyarakat. Wujude cerbung meh padha karo novel, yaiku *karya fiksi* kang nduweni carita dawa lan konflik kang jangkep. Bedane ana ing cara kapacake lan media panerbite. Novel kapacak langsung awujud buku, dene cerbung kapacak kanthi sambung-sinambung lumantar kalawarti basa Jawa, kayata kalawarti *Jayabaya*, *Panjebar Semangat*, lan *Jaka Lodhang*, lsp.

Salah sawijine pangripta sastra Jawa kang kalebu prodhuktif yaiku Sasmito, kang dikenal ing jagade kasusastran Jawa kanthi asma Esmiet. Pangripta sastra Jawa modern kang asale saka Banyuwangi, Jawa Timur iki wis ngripta karya sastra kang arupa cerkak, cerbung, lan novel. Nganti taun 2003 cerkak kang wis diripta cacahe ora kurang saka 2.100 cerkak, cacahe cerbung kang diripta nganti 158, dene novele kang diripta cacahe welasan. Esmiet iki minangka pangripta kasusastran Jawa Modern angkatan taun 1960.

Salah sawijine cerbung kang diripta dening Esmiet yaiku cerbung Cerbung “*Nothok Lawang Ping Patbelas*” (sabanjure diarani NLPP). Cerbung NLPP kapacak ing kalawarti Jaya Baya Edhisi 21 nganti edhisi 32 taun 1994. Cerbung NLPP iki nduweni perangan kang pinunjul yaiku unsur gaib kang dipercaya dening masyarakat sajrone karya sastra. Bab kasebut laras karo panemune Wellek lan Werren (1990:110) yen karya sastra minangka kaca benggalane panguripan.

Cerbung NLPP kasebut narik kawigatene panliti kanggo ditliti kanthi tintingen antropologi sastra amarga sajroning cerbung NLPP kasebut ngandhut unsur gaib kang ana ing sakiwa tengene masyarakat Jawa. Unsur-unsur gaib ing cerbung NLPP iki ndadekake critane luwih narik kawigaten pamaose, amarga ing saben edhisi pungkasane bisa nambahi rasa kepengen weruhane pamaos ngenani kadadeyan-kadadeyan apa maneh kang bakal dumadi ing edhisi sabanjure. Cerbung NLPP iki uga nduweni *suspense* utawa kejutan kang ora dinuga ing pungkasane critane. Esmiet uga ngemas crita iki nggunakake teka-teki kang angel dipecahake ngenani kapitayane masyarakat ing NLPP ngenani gaib. Unsur gaib kasebut bakal pas yen ditintingi kanthi tintingen antropologi sastra.

Gegayutan karo andharan mau, underane panliten iki yaiku: (1) kepriye wujude ilmu gaib ing cerbung *Nothok Lawang Ping Patbelas* anggitane Esmiet, (2) kepriye wujude badan alus ing cerbung *Nothok Lawang Ping Patbelas* anggitane Esmiet.

Adhedhasar underan panliten kang wis disebutake, mula panliten iki nduweni tujuwan yaiku: (1) ngandharake wujude ilmu gaib ing cerbung *Nothok Lawang Ping Patbelas* anggitane Esmiet, (2) ngandharake

wujude badan alus sajrone cerbung *Nothok Lawang Ping Patbelas* anggitane Esmiet.

Panliten iki diajab bisa menehi paedah yaiku: (1) tumrap panliti sastra, panliten iki dikarepake bisa menehi sumbang sih kanggo pangrembakane kawruh ngenani karya satra kanthi nggunakake tintingen antropologi sastra; (2) tumrap pamaos, panliten iki bisa menehi greget kanggo nglestarekake sastra, mligine sastra Jawa kang saya suwe saya ilang; (3) tumrap pengajaran sastra, panliten iki muga-muga bisa didadekake sumber informasi kritik sastra sajrone pengajaran sastra ing donyane pawiyatan.

TINTINGAN KAPUSTAKAN Antropologi

Miturut etimologise, tetembungan antropologi asale saka tembung *anthropos* (manungsa) lan *logos* (ilmu). Dadi kang diarani antropologi yaiku kawruh kang nyinaoni babagan manungsa lan kabudayan (Ratna, 2011:58)

Jaman biyen antropologi ateges ilmu kang nyinaoni anatomii raganing manungsa. Bebarengan karo pangrembakane kawruh ngenani antropologi uga ngrembaka. Kawiwitam ing Amerika, tetembungan antropologi digunakake saya jembar, ora mung babagan anatomii manungsa, nanging uga perangan fisik utawa sosial saka uripe manungsa. Semono uga ing Eropa Barat, tetembungan antropologi kanggo ilmu kang ngandharake ras-ras manungsa kang dideleng saka ciri-ciri fisike (Koentjaraningrat, 2009:10).

Miturut Ratna (2012:351) antropologi kaperang dadi rong werna yaiku: (1) antropologi fisik, yaiku antropologi kang nduweni gegayutan kang raket karo ilmu alam, kayadene biologi lan genetika. Antropologi fisik ngupaya ngrengbug carane manungsa ngrevolusi awake saka leluhure kang hominid lan uga nyinaoni kaya apa beda lan padhane karakteristik genetik ing antarane manungsa karo primata liyane, lan (2) antropologi kultural, yaiku antropologi kang nduweni gegayutan karo basa. Basa minangka sawijine cara komunikasi kang kompleks kang digunakake dening manungsa ing saindenging jagad. Saliyane katarik mbandhingake wujud-wujud basa, saperangan ahli antropologi uga katarik ngertenai kepriye penganggone basa sajrone konteks tartamtu bisa njlentrehake ngenani gegayutan sosial utawa politik ing antarane wong-wong kang ditliti.

Antropologi Sastra

Antropologi sastra yaiku analisis ngenani karya sastra kang ngandhut unsur-unsur antropologi. Laras karo hakikat sastra, yaiku sastra minangka asile *aktivitas* kultural, kang awujud barang kasar, minangka naskah (*artifact*), utawa *interaksi social* (*socifact*) lan *kontemplasi*

diri (mentifact) antropologi sastra mung winates ing antropologi budaya (Ratna, 2011:7).

Antropologi sastra kalebu antropologi *kultural* kanthi reriptan kang diasilake dening manungsa, kayadene basa, religi, mitos, sejarah, ukum, adat istiadat, lan karya seni mligine karya sastra. Sesambungane karo telung jinis kabudayan kang diasilake dening manungsa, yaiku *kompleks ide*, *kompleks aktivitas*, lan *kompleks barang*, antropologi sastra munjerake kawigatene marang *kompleks idhe*.

Ratna (2011:64) ngandharake, bab-bab kang dirembug dening tintingan antropologi sastra yaiku basa, kang uga digunakake sajrone karya sastra minangka *struktur naratif*, ing antarane yaiku (1) aspek-aspek naratif karya sastra saka kabudayan kang beda-beda, (2) panliten aspek naratif saka *epik* kang wiwitlan nganti novel kang paling *modern*, (3) wujud-wujud *arkhais* ing karya sastra, sajrone konteks *individual* apadene *generasi*, (4) wujud-wujud mitos lan sistem religi sajrone karya sastra, lan (5) dayane mitos, sistem religi, lan citra *primordial* liyane sajrone kabudayan *populer*.

Kabudayan Jawa

Kabudayan ora mujudake bab kang homogen. Wong Jawa sadhar anane maneka kabudayan kang asipat regional, ing dhaerah Jawa Tengah lan Jawa Wetan. Maneka werna regional kabudayan Jawa iki akeh-akehe cocog karo dhaerah-dhaerah logat basa Jawa, lan uga katon sajrone unsur-unsur kayadene panganan, upacara-upacara, kesenian rakyat, lan seni swara (Koentjaraningrat, 1984:25).

Sajrone kabudayan Jawa ngandhut unsur religi. Unsur religi ing masyarakat Jawa yaiku anane kapitayan ngenani wujude donya, alam, alam gaib, urip, mati, lsp. Panliten iki bakal ngandharake ngenani salah sawijine unsur religi ing kabudayan Jawa yaiku ngenani unsur gaib.

Saliyane donya kango dipanggoni dening manungsa kang nyata iki, isih ana donya liyane kang ora kasat mata, yaiku donya kang ana ing sanjabane wates akale manungsa utawa kang asring diarani donya *supernatural* utawa donyane alam gaib. Kayadene ing donya kang kasat mata iki, donyane gaib uga dipanggoni dening makhluk lan kakuwatan. Makhluk lan kakuwatan kang manggoni donyane gaib yaiku: (1) dewa-dewa kang apik lan ala, (2) badan alus, kayata: rohe leluhur, dhemit, dhanyang, lsp; lan (3) kakuwatan sekti kang nduwensi piguna kanggone manungsa (Koentjaraningrat, 2005:203-204). Panliten iki bakal ngrembug ngenani bab badan alus lan ilmu gaib kang isih dipracaya dening masyarakat Jawa adhedhasar saka cerbung NLPP.

Ilmu Gaib

Ilmu gaib yaiku teknik-teknik utawa kompleks cara kang digunakake manungsa kanggo menehi daya

pangaribawa marang alam sekitare, supaya alam sekitar kasebut manut marang apa kang dikarepake dening manungsa kasebut. Maneka werna teknik ilmu gaib kasebut isih ana sesambungane karo alam sakiwa tengene, kang ana ing sanjabane wates akale manungsa lan sistem pengetahuane, dadi dhasare dudu konsep-konsep apadene teori-teori, lan pamawas kang diabstraksekake saka pengalaman lan panliten kang nyata. Kanthi mangkono kang dadi punjere pamikir saka alam gaib yaiku: (1) kapitayan marang kakuwatan kang sekti; (2) sesambungan sebab lan akibat kang adhedhasar *asosiasi* (Koentjaraningrat, 2005:216).

Miturut sipate, Koentjaraningrat (2005:218) merang ilmu gaib dadi rong perangan, yaiku: (1) ilmu gaib putih (ngelmi pethak), lan (2) ilmu gaib cemeng. Ilmu gaib putih yaiku ilmu gaib kang asipat nguntungake lan kanggo nggayuh kabagyan. Ilmu gaib cemeng digunakake kanthi maksud nekakake penyakit, kasengsaran marang sawijine wong utawa masyarakat. Ana ing buku-buku Antropologi pamerangan ilmu gaib miturut sipate kang kaya mangkono iku wis arang digunakake amarga konsep-konsep apik lan jahat, nguntungake lan ngrugekake, lsp iku asipat *relatif*. Dene miturut fungsine, Koentjaraningrat (2005:219) merang ilmu gaib dadi papat, yaiku: (1) ilmu gaib produksi, (2) ilmu gaib panampik, (3) ilmu gaib agresif, lan (4) ilmu gaib ngramal. Subsub bab ana ing ngisor iki minangka andharan kang luwih rowa ngenani ilmu-ilmu gaib miturut Kontjaraningrat.

Badan Alus

Donya iki, sejatiné dipanggoni dening maneka werna alam panguripan, kalebu alam kang dinggoni dening manungsa. Donya iki ana maneka werna lapis alam kang dipanggoni dening maneka werna makhluk. Alame manungsa nduwensi srengenge lan pendhudhuke yaiku manungsa, kewan, lsp. Warga alam liyane yaiku alame badan alus, ora ana dina kang padhang njingglang, amarga ora nduwensi srengenge. Kahanane kaya kahanan wengi kang padhang bulan lan ana lintang-lintange. Ora ana sinar kang padhangke kaya sinar Sang Hyang Bagaskara (Purwadi, 2009:10).

Purwadi (2009:9) ngandharake yen badan alus mono kaperang dadi loro yaiku: (1) badan alus kang sejatiné diciptakake minangka badan alus kang satenane. Badan alus kang satenane manggoni donyane dhewe-dhewe, nduwensi masyarakat. Badan alus kang kaya mangkono iku nduwensi pangkat kayata raja, ratu, mentri, lan uga ana kang nduwensi pangkat cilik kayata prajurit; (2) badan alus kang asale saka manungsa kang wis mati. Kaya manungsa ana kang nduwensi sipat ala lan uga ana kang asipat jahat, pinter, lan bodho. Semono uga badan alus.

Panemu kang rada beda diandharake dening Geertz (1989:19-35). Panemune Geertz ngenani jinise badan alus iki meh padha karo pamawase Purwadi ing ndhuwur, nanging panemune Geertz ngenani jinise badan alus iki miturute panliti luwih cetha. Geertz merang jinise badan alus dadi lima, yaiku: (1) memedi, (2) lelembut, (3) tuyul, (4) dhemit, lan (5) dhanyang.

Miturut panemune Geertz memedi yaiku roh kang medeni, nanging ora nganti ngrusak. Memedi lanang biasane diarani gendruwo, dene memedi wadon diarani wewe (bojone gendruwo kang lumrahe nggendorong bocah cilik nganggo slendhang). Lelembut memper memedi, bedane yen lelembut bisa ndadekake wong lara utawa edan. Lelembut bakal mlebu menyang ragane manungsa, yen ora enggal diobati dening dhukun, wong kang disusupi kasebut bisa mati. Tuyul yaiku badan alus kang wujude cilik, akrab karo manungsa. Senajan akrab nanging tuyul iki uga bebayani. Biyasane wong ngingu tuyul kanggo golek pesugihan. Dhemit yaiku badan alus kang manggoni sawijine panggonan. Dhanyang iku memper karo dhemit. Kekarone padha-padha manggoni sawijine panggonan, bisa mbantu wong-wong kang njaluk tulung lan minangka walesane wong kang njaluk tulung kasebut nindakake slametan, kekarone uga ora nglarani manungsa, asipat nglindhungi, ngayomi. Bedane antarane dhemit lan dhanyang yaiku dhanyang minangka rohe wong kang wis mbabat alas sawijine panggonan utawa padhesan.

Panganggone tetembungan memedi, lelembut, dhemit, lan dhanyang ing jaman saiki wis ora *konsisten* maneh. Lumrahe masyarakat nggunakake tetembungan-tetembungan kasebut kanggo nuduhake badan alus salumrahe utawa nuduhake sawijine jinis tartamtu kanthi mligi.

Lelandhesane Teori

Kango ngudhari underane panliten dibutuhake teori kang nyengkuyung bab kasebut. Underane panliten ing panliten iki diudhari kanthi nggunakake teorine Koentjaraningrat ngenani unsur gaib kang ana ing kabudayan Jawa, mligine ngenani ilmu gaib lan badan alus kang diprecaya dening masyarakat Jawa.

METODE

Ancangan Panliten

Panliten ngenani unsur gaib sajroning cerbung NLPP iki nggunakake metode *analisis deskriptif kualitatif*. Ratna (2012:46-47) ngandharake yen metode kualitatif sajroning karya sastra, nglibatake pangripta, lingkungan sosiale pangripta, kalebu unsur-unsur kabudayan. Panliten kanthi metode analisis deskriptif kualitatif iki kanthi cara nafsirake banjur nyuguhake data awujud deskripsi. Pamarekan kang digunakake sajroning panliten iki yaiku pamarekan antropologi sastra.

Sumber Dhata

Sumber dhata panliten iki arupa cerbung *Nothok Lawang Ping Patbelas* kang kapacak sajroning kalawarti Jayabaya taun 1994 anggitane Esmiet. Cerbung kang nggunakake basa Jawa iki dumadi saka 12 episode. Saben edhisni utawa episode ana udakara loro nganti telu kaca.

Dhata

Dhata sajroning panliten iki arupa sumber tinulis utawa kapustakan kang awujud tembung, frase, lan ukara kang isine ngenani unsur gaib kang diprecaya dening masyarakat sajroning cerbung *Nothok Lawang Ping Patbelas* lan dhata konsep budaya Jawa mligine ngenani unsur gaib.

Instrumen

Instrumen ing kene diperang dadi loro, yaiku instrument kang pokok lan instrument sekunder. Kang dadi instrumen *pokok* yaiku panliti dhewe. Dene kang dadi instrumen *sekunder* utawa pelengkap yaiku buku-buku kang ana sesambungan karo antropologi sastra lan ngenani unsur gaib kang ana ing kabudayan Jawa lan Lurah desa Jong Biru minangka informan lapangan.

Tata Cara Ngumpulake Dhata

Trap-trapane ngumpulake dhata yaiku: (1) maca cerbung kang dadi objek panliten lan ngertení crita utawa isi kang kinandhut sajroning cerbung kasebut, banjur nggoleki aspek kang pinunjul lan nggoleki masalah kang ana ing njerone kanggo didadekake underane panliten; (2) nglasifikasekake dhata kanthi trep karo underane panliten; (3) telaah pustaka, nggoleki buku-buku kang relevan utawa nyengkuyung panliten kang dilakoni kanggo nganalisis lan mecahake masalah kang ditiliti; (4) wawancara marang kepala desa Jong Biru kanggo ngecek kepriye kasunyatane masyarakat ing desa Jong Biru kang minangka setting panggonane cerbung NLPP

Teknik Analisis Dhata

Teknik analisis data ing panliten diperang dadi telung perangan yaiku: (1) ngandharake data lan nindakake klasifikasi adhedhasar underane panliten; (2) nganalisis data kanthi tintingan antropologi sastra; (3) nindakeke panliten lapangan ing setting panggonane cerbung NLPP; (4) nulis asile laporan panliten, laras karo deskripsi data lan dudutane.

Tata Cara Nulis Asile Panliten

Tata cara nulis asile panliten sajroning panliten iki yaiku analisis informal, yaiku analisis data kang nggunakake tembung-tembung salumrahe. Asil analisis data disuguhake kanthi nglasifikasekake lan menehi tenger tumrap data kang nggunakake tembung-tembung kang gumathok karo jinis prakara sajroning panliten.

ASILE ANALISIS DHATA

Wujud Ilmu Gaib ing Cerbung NLPP

Kasektene Dhukun

Kyai Sambong iki mujudake salah sawijine wong kang precaya marang kasektene dhukun. Masyarakat Jawa senajan saiki wis akeh kang kalebu masyarakat modern, nanging nganti saiki isih akeh kang precaya marang kasektene dhukun. Dhukun dianggep wong kang pinter, ngerti sakabehane. Dhukun kanggone masyarakat Jawa nduwensi kalungguhan kang wigati kang bisa mbantu masyarakat sajrone uripe. Tuladhane yaiku kyai sambong kang njaluk tulung marang dhukun kango marasake anak wadone.

“Wonten tiyang pinter ingkang ngertos, sejatosipun lare menika gadhah sesambutan kaliyan tiyang alus.” (Kaca 40, JB No. 27 1994)

Saka sakabehane dhukun kang ditekani dening bapake Sri Asih, ana salah sawijine wong pinter kango ngerti kahanane Sri Asih, dheweke kandha yen sejatine Sri Asih kasebut ora edan, nanging nduwensi kaluwihan kang ora kaya wong-wong liyane, yaiku bisa sesambungan karo lelembut. Bab kasebut beda banget karo panemune wong-wong sakiwa tengene Sri Asih kang ngarani yen dheweke kasebut mujudake salah sawijine kena kang edan.

Kapitayane masyarakat ing cerbung NLPP marang kasektene dhukun ora iku wae. Isih ana perangan crita kang nggamarake kapitayane masyarakat marang kasektene dhukun. Bab kasebut bakal disengkuyung dening pethikan kang ana ing cerbung NLPP kaya ing ngisor iki.

“Sedhane nubruk sadranan Wringin kembar. Sejatose, mpun sekawan dinten niki radi sirep, awit wonten dhukun ingkang lajeng nulungi Pak Kasmanan nytingkiraken memedine yogane niku.” (Kaca 39, JB No.27, 1994)

Dhukun kang ana ing pethikan kapisan lan kapindho beda karo dhukun kang ana pethikan kang pungkasan ing ndhuwur. Dhukun kang ana ing pethikan pungkasan kasebut mujudake sawijine dhukun kang bisa nytingkirake memedi. Memedi kang dimaksud ing kene yaiku memedine anake pak Kasmanan. Dhukun kang kaya mangkono iku diarani dhukun siwer.

Pelet

Praktek ilmu pelet kang ngrugekake kurban lan kulawargane kurban uga tinemu ana ing cerbung NLPP. Cerbung NLPP iki ana paraga kang nindakake ilmu pelet, yaiku paraga Sri Asih kang dikenal minangka anake kang mbaureksa sadranan Wringin Kembar. Dheweke senajan diarani edan nanging sejatine meneng-meneng nduwensi niyat ala marang kulawargane pak Kasmanan, utamane marang anak-anake pak Kasmanan. Pak Kasmanan iki

sejatine sedulur tunggal janji karo bapake Sri Asih, yaiku Ki Sambong. Nanging bab kasebut ora bisa ngilangi rasa dhendhame Sri Asih marang kulawargane pak Kasmanan.

“Suryo kangmasmu, hiya ngalami kaya sliramu kuwi. Saka kuwate aji pelet sing ditindakake dening Sri Asih, nganti dheweke tewekal arep ngedol adhine. Bareng dheweke ora bisa nguwasan aku, banjur diloropake ing kacilakan kuwi.” (Kaca 40, JB No. 32, 1994)

Suryo anake pak Kasmanan nalika isih urip dheweke uga minangka kurban aji pelet kang ditindakake dening Sri Asih. Sri Asih melet anak lanange pak Kasmanan amarga anak lanange pak Kasmanan kang aran Suryo kasebut nulak didadekake pacangane Sri Asih. Dhasare Suryo wis nakal, ora manut karo wong tuwa, ditambahi dipelet dening Sri Asih, dheweke saya ndadi.

Bareng Suryo kang dadi kurban ilmu pelete Sri Asih wis mati, Sri Asih kang nduwensi niyat ala marang kulawargane pak Kasmanan iki isih ngrasa dhendham marang kulawargane pak Kasmanan. Banjur dheweke melet Suryo kang asli Jakarta kang wis dipacangake dening ibune karo Anjrahsatiti. Temtu wae Sri Asih nindakake ilmu pelet marang Suryo kasebut nduwensi tujuwan kang isih ana sesambungane karo dhendham kang dirasakake dening Sri Asih, yaiku supaya Suryo kasebut tresna marang dheweke lan luwih milih Sri Asih tinimbang Anjrahsatiti kang ora liya yaiku adhike Suryo kang wis mati.

Sawise kena aji pelete Sri Asih, Suryo ngingeti Sri Asih minangka kenya kang ayune ngluwih Anjrahsatiti. Bab kasebut nyebabake dheweke luwih milih Sri Asih tinimbang Anjrahsatiti. Suryo nganti nulak jejodhowan kasebut banjur minggat saka omahe pak Kasmanan.

Sawise Suryo tekan ing papan sacedhake omahe Sri Asih, Suryo meruhi ana ambulans tumuju omah kasebut. Bareng ditlesih pranyata Sri Asih mau bengi kumat edane, amarga simbahe ora gelem ngaku jeneng R. Ngt. Koripah menyang Suryo. Banjur simbahe kasebut dipateni dening Sri Asih. Bareng dheweke mangerteni yen simbahe wis mati, dheweke banjur arep nglalu. Tujune konangan tanggane, banjur dheweke lan simbahe diangkut menyang Puskesmas kandhat.

Panemune Suryo yen kenya kasebut mujudake kenya ayu kang dadi *favorit-e* kang kaya ing ndhuwur kasebut ora selawase bener. Nalika Suryo bali saka daleme pak Kasmanan, panemune Suryo kang ngarani yen Sri Asih kasebut mujudake kenya kang ayu kasebut sirna. **Bisa Sesambungan karo Alam Gaib**

Paraga Sri Asih ing cerbung NLPP nduwensi daya kango gedhe ing crita kasebut, amarga dheweke iki minangka punjer saka sakabehe kadadeyan-kadadeyan kang ana sesambungane karo unsur gaib ing cerbung

NLPP. Wong-wong kang ana ing sakiwa tengene Sri Asih ngarani dheweke kasebut minangka kenya kang edan, amarga dheweke kerep omong dhewe. Sejatine dheweke kasebut nduweni kaluwihan kang ora diduweni dening wong-wong waras liyane.

“Sri Asih kuwi wong edan sing nduwe kaluwihan bisa sesambungan karo alam gaib ...”(Kaca 40, JB No. 32, 1994)

Sri Asih bisa omong-omongan karo rohe bapake kang wis mati kang manggon ana ing sakiwa tengene Sri Asih. Simbahe Sri Asih dhewe sing saben dina urip bebarengan saomah karo Sri Asih yaiku Nyai Sambong ora mangerten yen putu wadone kang diarani edan iku nduweni kaluwihan kang ora kaya wong-wong liyane yaiku bisa sesambungan karo rohe bapake Sri Asih kang wis mati.

Wong-wong ing sakiwa tengene Sri Asih mangerten yen kenya kasebut tumindake kaya wong cengoh lan uga Sri kerep guneman dhewe, nanging sejatine Sri Asih kasebut lagi omong-omongan karo rohe bapake kang wis mati.

Saliyane Sri Asih, paraga liyane kang bisa sesambungan karo alam gaib yaiku Suryo. Dheweke bisa mangerten yen sejatine Sri Asih ora omong dhewe, nanging omong-omongan karo wong lanang gedhe kang nduweni brengos lan jenggot werna klawu.

Bisa Nyiptakake Impen

Impen diarani dening masyarakat minangka kembange turu. Impen lumrahe dumadi tanpa digawe-gawe dening wong. Wong nalika arep turu ora bisa milih impen apa kango bakal dirasakake. Impen sumbere saka alam bawah sadhar kang ora bisa digawe-gawe. Cerbung NLPP iki nuduhake bab kang beda, ora kaya lumrahe. Ana sawijine kenya kang nduweni ilmu bisa nyiptakake impene wong liya. Paraga kang bisa nyiptakake impen kasebut yaiku paraga Sri Asih. Ilmu iki ditrapake marang Suryo. Suryo jroning sawengi ngalami kadadeyan-kadadeyan kang ora tinampa nalar nanging sakabehe kadadeyan kasebut isih nduweni gandheng ceneng.

Suryo nalika keturon ana ing gerdhé, dheweke ngimpi digeret dening wong lanang gedhe dhuwur kang brewoke werna klawu lan nduweni siyung. Wong lanang kasebut ngeret dheweke tumuju marang sang Ratu banjur diukum picis.

Wong kang brewoke werna klawu kang nyeret Suryo kasebut pranyata ora mung ana ing alam impen wae. Sejatine wong kasebut ana ing donya kang nyata. Sabubare Suryo tangi, banjur dheweke nyoba nothoki lawange wong, njaluk tulung. Sarehne omah kang dithothoki kasebut ora ana panyaure saka sing nduwe omah, Suryo mara menyang omahe tanggane kang saka njaba omahe krungu suwara pating kericig wong raup-

Bareng dicedhaki lan ditamatake pranyata wong kasebut padha karo wong kang ditemoni ing impene sawengi.

“Sepira kagete bareng ditamatake wong sing mara iku brewoke werna wungu lan mripate landhep banget, persis kaya ana ing sajrine pangimpfen.” (Kaca 39, JB No25, 1994)

Prnyata wong kang diparani kasebut wong kang paling diwedeni dening dheweke amarga wong kasebut ing impene wis nyeret menyang sang Ratu lan ngukum picis dheweke. Sawise mangerten bab kasebut, dheweke semaput ing ngenggon. Bareng melek dheweke wis ana ing papn kang endah lan dirumat dening kenya kang aju. Dheweke kepengin weruh sapa kenya kasebut, bareng ditututi jebul papan kasebut sirna, sing ana mung sadranan wringin kembar.

Kadadeyan-kadadeyan kang kaya mangkono iku ndadekake Suryo penasaran lan kepengin weruh sejatine sapa kenya kasebut. Bareng wis takon-takon marang wong-wong ing warung, dheweke oleh *informasi* yen kenya kasebut aran Sri Asih, anake kyai Sambong. Jarene wong-wong ing kono Sri Asih kasebut kenya kang edan. Banjur dheweke nggoleki omahe kanya kasebut.

Nalika lagi omong-omongan karo simbahe Sri Asih, Suryo mara-mara pucet amarga dheweke mangerten wong kang gedhe dhuwur kang jenggot lan brengose klawu. Iya wong kuwi kang ketemu ing impen lan kango marakake dheweke semaput ana ing ngarep omahe kang nyalawadi mau.

Saiki sakabehe impen kang dadi teka-tekine Suryo wis wiwit kabongkar sithik mbaka sithik. Wong lanang gedhe dhuwur kang jenggot lan brengose klawu kang ana ing impen lan kango ditemoni Suryo nganti dheweke semaput kasebut bapake Sri Asih kang aran Ki Sambong kang wis mati amarga ngenes ngrasakake anake kang edan kasebut.

Impen kang dialami dening Suryo kasebut dudu impen biyasa. Dudu kembange turu. Nanging sejatine impen kasebut kanthi sengaja digawe dening Sri Asih saka asil pambudidayane. Ngisor iki minangka pethikan kang nyengkuyung bab kasebut.

“Dhek mau isuk dudu impen ndhuk.
Ning asil saka pambudidayamu jroning angsaah semadi.” (Kaca 39, JB No. 28, 1994)

Pethikan kasebut nuduhake yen sejatine Sri Asih wis ngupadaya nggawe impene Suryo. Saka impen-impenn kasebut ana *benang merahe* yaiku ing saben impen kasebut mesthi ana wong wadon lan wong lanang gedhe kanthi jenggot lan brengos werna klawu. Wong wadon kasebut pungkasane dimangerten Suryo kanthi aran Sri Asih, dene wong lanang gedhe kanthi jenggot lan brengos werna klawu kasebut rohe bapake Sri Asih kang aran Ki Sambong.

Wujud Badan Alus ing Cerbung NLPP

Dhanyang

Masyarakat kang ana ing cerbung NLPP iki minangka gambaran saperangan masyarakat Jawa kang nyata, kang mrecayani anane dhanyang kang nglindhungi lan ngayomi warga desane. Bab kasebut disengkuyung dening pethikan ing ngisor iki.

“Pramila tiyang ngriki mastani piyambakipun menika dhanyange Jong Biru. Manut tiyang-tiyang sepuh, tigang dasa taun kepengker dhusun ngriki manika kathah silumanipun. Inggih kyai mudha Suryaman menika ingkang ngicalaken.”

(Kaca 40, JB No. 27, 1994)

Masyarakat Jong Biru ngarani kyai mudha kang aran kyai Suryaman kasebut minangka dhanyang desane Jong Biru. Dheweke minangka tokoh kang nduwensi kalungguhan kang wigati ana ing Jong Biru. Telung puluh taun kepungkur, desa Jong Biru iku akeh silumane. Senajan Suryaman dudu wong turunan asli Jawa, nanging dheweke urip ing sakiwa tengene wong Jawa, sisihane uga wong Jawa. Kyai Suryaman dadi panutane wong Jong Biru amarga saka kabisane dheweke ngilangi siluman-siluman kang wis ngganggu warga Jong Biru, saengga wong Jong Biru ngarani kyai Suryaman kasebut minangka dhanyange Jong Biru.

Dhanyang kyai Suryaman dening masyarakat diprecaya manggoni ana ing sadranan Wringin kembar. Sadranan kasebut diprecaya menehi pangayoman marang masyarakat. bab kasebut kabuktikan, awit Suryo sing nduwensi niyat ala yaiku ngedol adhine, dheweke matine nabrak sadranan wringin kembar. Dene Suryo kang niyate apik yaiku nemoni pacangane, dheweke rumangsa ditambani lan diramut ing sadranan wringin kembar kasbut.

Memedi

Badan alus liyane kang ana sajrone cerbung NLPP yaiku memedi. Memedi yaiku rohe manungsa kang wis mati lan nduwensi sipat kang ala yaiku meden-medeni wong. Wong-wong ngarani memedi lanang kanthi aran gendruwo. Nanging sajrone cerbung NLPP iki senajan kang dadi memedi iku lanang, ora nggunakake tetembungan gendruwo. Tetembungan kang digunakake yaiku memedi wae.

Memedi ing cerbung NLPP iki yaiku paraga Suryo anake pak Kasmanan kang matine nabrak sadranan Wringin Kembar. Masyarakat Jong Biru ngarani yen anake pak Kasmanan kang aran Suryo sawise mati rohe dadi memedi kang meden-medeni wong Jong Biru.

“Kinten-kinten kalih dasa dinten kepengker. Ning nggih niku, bibar pitung dinane lha kok dados memedi.”

(Kaca 40, JB No.27, 1994)

Pethikan kasebut nyritakake Suryo anake pak Kasmanan. Dheweke jarene wong-wong ing sakiwa tengene sawise pitung dina anggone mati banjur dadi memedi kang meden-medeni wong Jong Biru. Memedine iki saliyane meden-medeni uga ndadekake wong kang diwedeni kasebut mati.

Nalika isih urip, Suryo anggone tumindak kagolong nakal, ora manut marang wong tuwane, lan tegu ngedol adhine dhewe kang ayune uleng-ulengan marang kancane banjur diijolake karo sedhan kang ditumpaki dening dheweke. Matine Suryo uga ora sabaene. Dheweke matine amarga nabrak sadranan Wringin Kembar kang sisih kiwa banjur dadi memedi.

Sajrone cerbung NLPP uga ana kang nuduhake kepriye upayane masyarakat nalika diweden-wedeni dening memedine Suryo. Masyarakat kasebut nduwensi cara dhewe kanggo nundhung ngalih memedine Suryo. Salah sawijine cara kasebut yaiku kanthi cara ngrapalake japa mantra. Masyarakat sajrone cerbung NLPP mrecayani menawa japa mantra kasebut bisa nundhung ngalih memedine Suryo lan supaya ora digodha dening memedi kasebut.

Roh Leluhur

Masyarakat sajrone cerbung NLPP isih ngurmati roh leluhure. Saben arep nindakake sawijineadicara kang wigati mesthi sambatan marang roh leluhure supayaadicara kasebut lumaku kanthi lancar, ora ana alangan apa-apa.

“Raden Ngt. Koripah menika sesembahanipun tiyang Kandhat sakukubanipun nak.” (Kaca 39, JB No.31)

Masyarakat Kandhat mrecayani yen Raden Ngt. Koripah iku minangka roh leluhur kang nduwensi daya pangaribawa kang gedhe marang masyarakat desa Kandhat. Masyarakat kono ngurmati banget marang roh leluhure kasebut. Nyebut asmane wae yen wong kang nyebut asmane kasebut rumangsa drajade asor, ora ana sing wani. Bab kasebut kang dadi dhasar simbahe Sri Asih ora gelem ngaku jeneng Raden Ngt. Koripah kang kaping pindhone ing sangarepe Suryo. Dheweke ngrasa yen drajade asor lan ora pantes yen ngaku jenenge padha karo asmane roh leluhur kang dikurmati dening wong-wong Jong Biru lan Kandhat. Saengga ndadekake Sri Asih kumat edane lan nganti tega mateni simbahe dhewe.

Roh leluhur minangka lelembut kang manggoni ana ing sakupenge panggonane nalika isih ana ing alam donya utawa minangka roh leluhur kang manggoni ing pasareyan leluhur, utawa kang manggon ing suwarga. Roh leluhur bakal tetep dipuja lan dijaluki tulung dening anak putune saperlu kanggo menehi wejangan marang

anak putu kang nemoni utawa lagi nduweni masalah babagan rohaniah utawa material.

Andharan kang kaya mangkono iku kabukti utawa laras karo crita kang ana ing cerbung NLPP. Pethikan kang laras karo bab kasebut kagambar ing ngisor iki.

“Lha piye ta? Aku wis kadhung siyap-siyap kanggo sesuk, jare. Gek iki mau aku wis kadhung ngaturi pirsa Kanjeng raden. Nyuwun pangestu arep nunangake wayahe.” (Kaca 39, JB No.30)

Pethikan kasebut nuduhake yen bu Kasmanan lagi nyiapake acara kanggo macangake Suryo karo Anjrahsatiti. Dheweke wis ngaturi Raden Ngt. Koripah minangka roh leluhure supaya maringi pangestu marang putu-putune lan acara kasebut lancar ora ana alangan apa-apa. Bab kasebut laras karo andharane Koentjaraningrat ing ndhuwur. Masyarakat Kandhat lan sakukubane padha muja R. Ngt. Koripah minangka roh leluhure. Masyarakat kasebut yen ana apa-apa mligine yen arep nduwe gawe mesthi nyuwun pangestu marang roh leluhure yaiku R. Ngt Koripah supaya anggone nduwe gawe kasebut bisa lumaku kanthi lancar ora ana alangan apa-apa.

Siluman

Siluman minangka salah sawijine jinise badan alus. Siluman kang ana ing cerbung NLPP iku arupa siluman brewok lan siluman wadon kang ayu. Siluman-siluman kasebut tinemu sajrone impene Suryo kang sejatiné iku dudu impen biyasa nanging impen kasebut diasilake saka pambudidayane Sri Asih marang Suryo. Sadurunge Suryo ketemu karo Sri Asih ing alam nyata dheweke wis sanggup bakal ngganteni kalungguhane Suryo anake pak Kasmanan kang wis mati kasebut. Dheweke nduweni pamikiran yen sapo ngerti bareng ketemu karo Sri Asih ing alam kawadhagan, dheweke bisa dadi sarana warase Sri Asih kang diarani kenyia edan kasebut.

“Awit saliyané dheweke rumangsa kapotangan budi, awit dianggep Sri Asih kang dadi jalaran bisane dheweke oncat saka kratone siluman.” (Kaca 38, JB No. 28, 1994)

Masyarakat siluman sisteme isih kaya masyarakat jaman kuno. Siluman uga nduweni raja utawa ratu kang mimpin utawa mandegani saka sakabehe siluman kang ana. Bab kasebut laras karo pethikan ing ndhuwur. Nalare yen nduweni ratu utawa raja, mesthi wae nduweni papan kang digunakake kanggo papane raja utawa ratu kasebut. Lumrahe raja utawa ratu manggon ana sawijine kraton. Pethikan ing ndhuwur kasebut nuduhake yen siluman uga nduweni kraton.

Kratone siluman kang ana ing cerbung NLPP kasebut dipimpin dening Ratu. Ratune siluman kang dicritakake ana ing impe Suryo kasebut nduweni sipat

kang jahat. Ratu kasebut minangka wanita kang nggunakake makutha saka emas gumebyar. Saliyané nduweni ratu, mesthi wae uga nduweni prajurit kang njaga ing ngarep lawang lan ngrewangi ratu utawa dadi abdine sang Ratu. Siluman kang kacarita ing cerbung anggitane Esmiet iki panggonane ana ing omah kuno kang ana ing desa Jong Biru., yaiku mujudake omah nomer lima kang dithothok dening Suryo.

Dhiskusi Asile Panliten

Setting panggonan cerbung NLPP iki ana ing desa Jong, Kabupaten Kediri. Sawise analisis ngenani unsur gaib kang ana ing cerbung, banjur panliten uga nindakake panliten lapangan kang ana ing Jong Biru. Panliten wis nindakake wawancara marang perangkat desa, ing kene yaiku Lurah Jong Biru kanthi asma pak J.W Suhartono nalika dina Setu, tanggal 20 Juli 2013. Panliten ngecek apa bener apa kang dicritakake ing cerbung NLPP dening pangripta yaiku Esmiet bener kaya kasunyatan ing lapangan.

Sawise nindakake wawancara bisa dimangerteni yen ing desa Jong Biru ora ana Sadranan Wringin Kembar lan uga ora nduweni bong Cina. Bab kasebut ora laras karo apa kang wis dicritakake ing cerbung NLPP. Desa Jong Biru ora nduweni sadranan utawa pundhen kang dipercaya nduweni kakuwatan sekti. Saliyané iku, masyarakat Jong Biru uga ora ngenal dhanyang Kyai Suryaman lan roh leluhur kang asmane R. Ngt. Koripah. Kamangka ana ing cerbung NLPP kasebut cetha banget yen masyarakat sajrone karya sastra kasebut mrecayani anane kakuwatane sadranan Wringin Kembar, anane dhanyang kyai Suryaman, lan uga mrecayani yen R. Ngt. Koripah kasebut sesembahané utawa roh leluhure masyarakat Jong Biru.

Jong Biru yen ing cerbung NLPP dicritakake menawa panggonane sawise pusate Kediri lan gandheng karo Kandhat. Yen arep menyang Kandhat, saka stasiun Kediri ngliwati desa Jong Biru. Kamangka ing kasunyatan, Jong Biru kasebut panggonane sadurunge pusate Kediri, lan jarake isih adoh yen saka Kandhat. Yen awake dhewe saka stasiun Kediri banjur arep tumuju menyang Kandhat, ora ngliwati Jong Biru.

Bab kang kaya mangkono iku miturute panliti nduweni maneka werna alasan. Bisa uga cerbung NLPP iki minangka karya sastra Jawa modern kang imaginer, utawa mung khayalane pangripta. Pangripta mung njupuk jeneng desane wae, tanpa nglebokake kasunyatan kang ana ing desa kasebut marang cerbung kang diripta. Bisa uga apa kang dicritakake Esmiet ing cerbung NLPP kasebut bener-bener ana nalika jaman biyen-biyen, nalika masyarakat isih durung kalebu masyarakat kang modern.

PANUTUP

Dudutan

Unsur gaib kang tinemu ing cerbung iki ana rong bab yaiku ngenani (1) ilmu gaib, lan (2) badan alus. Ilmu gaib kang ana ing cerbung NLPP iki ana papat, yaiku: (1) kasektene dhukun, (2) pelet, (3) bisa sesambungan karo alam gaib, lan (4) bisa nyiptakake impen. Masyarakat sajrone cerbung NLPP senajan wis kalebu masyarakat Jawa kang modern, nanging masyarakat kasebut isih mrecayani kasekten kang diduweni dhukun. Dhukun kang tinemu ing cerbung NLPP kalebu jinis dhukun kang bisa nambani wong lara yaiku paraga Sri Asih lan dhukun siwer kang bisa nundung minggat memedine Suryo kang wis nggawe gegere masyarakat Jong Biru. Paraga kang bisa nindakake ilmu pelet yaiku paraga Sri Asih kang diarani kenya edan dening masyarakat Jong Biru. Suryo kang asale saka Kebon Jeruk minangka pacangane Anjrahsatiti minangka kurban saka aji pelet kang diduweni dening Sri Asih amarga Sri Asih nduweni rasa dhendham marang kulawargane pak Kasmanan sing ora liya yaiku bapake Anjrahsatiti. Saliyane bisa nindakake ilmu pelet, dheweke uga bisa sesambungan karo alam gaib lan bisa nyiptakake impen tumrap calon kurbane.

Dene badan alus kang tinemu ing cerbung NLPP ana papat, yaiku: (1) dhanyang, (2) memedi, (3) roh leluhur, lan kang pungkasan yaiku (4) siluman. Kyai mudha Suryaman dening masyarakat Jong Biru diarani dhanyange Jong Biru awit dheweke nduweni kasekten kang bisa ngayomi masyarakat Jong Biru. Memedi kang ana ing cerbung NLPP yaiku memedine Suryo anake pak Kasmanan kang matine nabrak sadranan Wringinkembar. Roh leluhur ing cerbung NLPP yaiku R. Ngt. Koripah. Dheweke minangka leluhure masyarakat Jong Biru kang mesthi dijaluki tulung nalika masyarakat kasebut lagi nandang susah utawa arep nduwe gawe. Siluman kang dimaksud ing cerbung NLPP yaiku wong wadon lan wong lanang gedhe dhuwur kang ana sajrone impene Suryo kang mesthi nggawe wedine Suryo.

Pamrayoga

Adhedhasar andharan saka asile panliten ing bab sadurunge, prnyata masyarakat Jawa nduweni kabudayaan. Kabudayan Jawa kasebut nduweni kapitayan ngeneni bab gaib kang akeh. Panliten iki panliten iki kaajab bisa dadi sumbangsih tumrap panliten sastra liyane, mligine kang mawa tintingan antropologi sastra, senajan isih akeh kacingkrangane, lan isih adoh saka tembung sampurna.

Kanthy panliten iki kaajab supaya pamaos mangertenanane kapitayan ngenani bab gaib kang ana ing sakiwa tengene masyarakat Jawa kang ora bisa digathukake karo bab agama tartamtu. Unsur gaib iki minangka perangan cilik kang ana ing sajrone kabudayan Jawa. Masyarakat Jawa isih akeh kang mrecayani anane unsur gaib kang ana ing sakiwa tengene anggone urip.

Panliten iki diajab supaya bisa medhar perangan cilik kasebut kang kagambar ing cerbung NLPP iki.

DAFTAR PUSTAKA

- Endraswara, Suwardi. 2003. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Widyatama
- 2010. *Etika Hidup Orang Jawa*. Yogyakarta: Narasi
- 2006. *Mistik Kejawen Sinkretisme, Simbolisme, dan Sufisme dalam Budaya Spiritual Jawa*. Yogyakarta: Narasi
- Geertz, Clifford. 1989. *Abangan, Santri, Priyayi Dalam Masyarakat Jawa*. Terjemahan Aswab Mahasin. Jakarta: Pustaka Jaya
- 1995. *Kebudayaan & Agama*. Terjemahan Budi Susanto SJ. Yogyakarta: Kanisius
- Hutomo, Suripan Sadi. 1975. *Telaah Kesusastraan Jawa Modern*. Surabaya: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan
- Jadmiko, Rahmad Setyo. 2010. *Jagading Kapriyayen sajrone Masyarakat Jawa miturut Novel Trah Anggitane Atas S. Danusubroto (Skripsi)*. Surabaya: PBD FBS Unesa
- Koentjaraningrat. 1984. *Kebudayaan Jawa, Seri Etnografi Indonesia No. 2*. Jakarta: Balai Pustaka
- 1992. *Beberapa Pokok Antropologi Sosial*. Jakarta: Dian Rakyat
- 2005. *Pengantar Antropologi Pokok-pokok Etnografi II*. Jakarta: Rineka Cipta
- 2009. *Pengantar Ilmu Antropologi*. Jakarta: Rineka Cipta
- Maxzella, Fenty Yensa. 2012. *Kapitayan Masyarakat sajrone Cerbung Tresna Kagiles Ila-Ila anggitane Mbah Brintik (Skripsi)*. Surabaya: PBD FBS Unesa
- Nita, Deni Iska Dian. 2011. "Mitos lan Mistis sajrong Cerbung Salindri Kenya Kebak Wewadi Anggitane Pakne Puri" sajrone skripsi. Surabaya: PBD FBS Unesa
- Padmosoekotjo. 1953. *Ngengrengan Kasusastran Djawa*. Yogyakarta: Soejadi
- Poerwadarminta, WJS. *Baoesasstra Djawa*. Jakarta: J. B. Wolter's Uitgeverest Maatschappij
- Prawoto, Poer Adhie. *Kritik Esai Kesusastraan Jawa Modern*. Bandung: Angkasa
- Purwadi, 2007. *Ensiklopedi Adat-Istiadat Budaya Jawa*. Yogjakarta: Panji Pustaka
- 2009. *Folklor Jawa*. Yogyakarta: Pura Pustaka

- Ras, J.J. 1985. *Bunga Rampai Sastra Jawa Mutakhir*.
Jakarta: Grafitipers
- Ratna, Nyoman Kutha. 2011. *Antropologi Sastra*.
Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- 2012. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*.
Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- Sudikan, Setya Yuwana. 2007. *Antropologi Sastra*.
Surabaya: Unesa University Press
- Tim Penyusun. 2006. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*.
Jakarta: Balai Pustaka
- Unesa. 2006. *Panduan Penulisan dan Penilaian Skripsi*.
Surabaya: Universitas Negeri Surabaya
- Wellek, Rene dan Austin Warren. 1990. *Teori
Kesusastaan*. Terjemahan Melani Budianto.
Jakarta: Gramedia
- Yana. 2010. *Falsafah dan Pandangan Hidup Orang
Jawa*. Yogyakarta: Absolut
- Yosepha, Farida Umi. 2010. *Mitos lan Adat Sajroning
Novel Cocak Nguntal Elo Karya Suparto Brata
(Skripsi)*. Surabaya: PBD FBS Unesa

